



Mèsi

Chè fanmi ak estaf,

Semèn sa a se dènye semèn mwen kòm Chanselye Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS), epi mwen gen anpil rekonesans pou sa. Se te yon privilèj pou tout lavi m pou m sèvi plis pase yon milyon elèv ak estaf atravè senk borough yo, epi eksperyans lan enpresyonan pou kominote NYCPS la. Devouman edikatè, estaf ak fanmi nou yo pa gen parèy. Pwogrè elèv nou yo san limit.

Aprè mwen fin sèvi sistèm lekòl nou an pou prèske 40 ane, mwen vle pataje twa refleksyon ak lesou mwen aprann nan preparasyon bon demaraj pou avni bryan pou timoun nou yo:

1. **Nou pa ka neglije eleman debaz yo—alfabetizasyon ak matematik.** Konpetans sa yo sèvi kòm baz pou siksè nan lekòl, travay, ak lavi. Avèk [NYC Reads](#) ak [NYC Solves](#), n ap kreye yon nouvo liv jwèt nan fason pou nou anseye lekti ak matematik, yon bagay ke rechèch sipòte, ki baze sou bon kalite kourikoulòm, epi ki konplete avèk fòmasyon edikatè.
2. **Nan yon mond k ap chanje byen vit, li enpòtan pou kontinye reimajine eksperyans lekòl la.** Se egzakteman sa nou fè avèk [pwogram pakou nou yo](#), pou asire ke elèv yo antre

sou machetravay la avèk yon kòmansman, yon plan solid, ak eksperyans mond reyèl la. N ap eksplòre enpak nouvo teknoloji tankou AI, epi n ap fòkis tou sou [angajman sivil](#)— tout sa pou prepare elèv nou yo fè fas avèk defi sosyete a.

3. **Pi bon lide yo soti nan fanmi nou yo, estaf yo, ak elèv yo yo menm.** Sèvi kòm Chanselye te sèlman rekonfime kwayans mwen gen depi lontan ki se, angajman fanmi ak kominote a dwe nan sant tout sa nou fè. Mwen te vizite lekòl yo atravè vil la epi mwen te pale avèk anpil manm nan kominote NYCPS nou an—epi opinyon ak kòmantè yo te gen yon enpak pozitif sou sistèm lekòl nou an.

Pou fanmi nou yo: Ou se premye pwofesè pitit nou yo, epi sipò w ak angajman w enpòtan anpil pou siksè yo. Mwen ankouraje w kontinye rete an kontak avèk lekòl pitit ou a nan nenpòt fason ou kapab. Nou bezwen patenarya ou!

Pou anplwaye nou yo: Sonje ke chak jou konte epi travay w ap fè a chanje lavi. Elèv nou yo gen yon sèl chans pou edikasyon, epi se devwa nou pou nou ba yo eksperyans ak opòtinite yo merite.

Mwen fyè pou tout sa nou akonpli depi janvyè 2022, men toujou gen anpil travay ki pou fèt. Apati 16 oktòb, se Melissa Aviles-Ramos nouvo Chanselye a ki pral dirije NYCPS; Mwen kwè anpil nan lidèchip li ak nan kapasite li pou avanse ak inisyativ enpòtan nou te kòmanse yo.

Mwen remèsye nou tout—estaf, fanmi, paran lidè yo, ak manm kominote yo—pou angajman nou an vè timoun vil nou an ak paske nou fè m konfyans pou m sèvi kòm Chanselye nou an. Mwen pral rete defansè fèm ak sipòtè ou pandan w ap gide elèv nou yo nan preparasyon bon demaraj pou avni briyan.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou a.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).